


ZVINO KUBVA PANGUVA IYOYO

 Chokwadi zvakanaka kudzoka nokuzonzwa hama, mufudzi, achipa chapupu chenyasha dzaMwari, nemusikana wavo mudiki. Zvakangoita saIshe Jesu, kuita zvinhu zvakadaro. Ndizvozvo chaizvo.

² Zvino, tiri kufara chaizvo, manheru ano, kuva pamwe nesu, mumwe wevaenzi vedu pano pane, sokuidana kwatinoita, shumiro yemunamato pausiku hweGore Idzva, shamwari yangu yakanaka, Hama Ernie Fandler, mumwe wevakatendeukira kuna Tenzi Jesu Kristu, mukombe wenyasha. Kumusha kwavo kwavanobva kuSwitzerland, ndiko kwavakabva. Zvino ndinotenda, imwe hama yavainayo ipapo, zvokuti vari kugara kuShawano zvino, ndewe rudzi rwechiGerimani, Hama Waters. Tinofara kuva navo pamwe nesu manheru ano.

³ Zvadaro tinewo, zvakare, pamwe nesu manheru ano, imwe ha—hama yakakosha yekutenda, South Africa, Hama David duPlessis. Tinofara kuve navo pamwe chete nesu, zvakare. Zvino tiri...David neni tiri—tiri kutarisira, kana kuti kunamata, kuti Ishe vatipe basa guru pamwe chete, gore riri kuuya, kupinda muAfrica nenzvimbo dzakasiyana dzepasi rose. Hama David vari pano zvino kuzotaura pamusoro pazvo, nekunamata nezvazvo, pakati pazvino neMuvhuro, kuzoona kuti ndiriini uye kupi, kuenda ku—kuAfrica, nenzvimbo dzakasiyana dzenyika dzekuenda. Sezvo, Hama David vakava nehofisi yakakura kwazvo nevePentecostal World Convention, uyewo zvakare vanozivikanwa zvakanyanya nevakuru vezvekunamata vakawanda pasi rese. Zvino vakava nerunziro huru mukugombedzera nekukonzera, munzira yese kusvika kwatiri zvino, kubatsira kuunza Mutumbi waJesu Kristu pamwe chete, wemasangano ese ekutenda. Zvisinei nekuti (ivo) chechi yavainayo, kana kuti (ivo) vakaiswa mucherechedzo upi. Ndeiyu, Chechi, aVo vakafirwa naKristu.

⁴ Zvino ndakagara ndichifunga nezvazvo. Ndaisibatsira kunitora mombe, nguva zhinji, kunze kuMadokero. Taienda kumusoro, Hama David, togara kunze uko kwavaitinha mombe nemufenzi inochengetedza zvipfuyo, kukwidza mumakomo, kunodzipa chokudya ipo...kwave kudzirega dzichifura pamafuro, sa...emusango. Apo, sora rainge richikura nechekuzasi, sora remusango. Zvadaro vaizocheke sora, vopa mombe chekudya mu—munguva yechando, pakunenge kuchinyanya kunaya chando, kumusoro mumakomo.

⁵ Zvino ndaisigara pachigaro chepabhiza ndotarisa mutariri achiunza mombe idzodo; uye purazi remafuro rega—rega, kuzasi, raikwanisa kuita tani rimwe chete reuswa.

Kana vakakwanisa kuita matani makumi mashanu euswa, zvinoreva kuti vaigona kuisa mombe makumi mashanu. Kana vakakwanisa kuita matani zviuru zveuswa, chiuru chemombe chaizogona kuenda nemo. Munhu wega-wega, aitakura mucherechedzo pamombe dzake. Vaitarisa micherechedzo, handiti, mapurazi akasiyana, kuitira kuti vasadzivhenganisa. Uye zvadaropano . . .

⁶ Mutariri, anga asina hany'a kuti yaive mhandoi yemicherechedzo yaipfuura, nekuti paiva nemhando dzakasiyana dzemicherechedzo. Asi pane chinhu chimwe chete chaainyatsa kufanira kutarisa, waiva mucherechedzo weropa. Dzaifanira kuva Hereford dzakanyoreswa, kana kuti hadzaikwanisa kupinda nepasuwo. Vaidzidzoserwa. Maona?

⁷ Uye ndinofunga kuti ndizvo zvazvichava paKutongwa. Hazvisi kuzova zvokuti imhandoi yemucherechedzo watinopfeka, asi kana mucherechedzo weRopa uripo. Ndicho chinhu chacho chicha—chichadiwa, mucherechedzo weRopa.

Uye ndinofara zvikuru kuva naHama David vainesu.

⁸ Zvino ndaona Hama Estle Beeler vanga vari pano nguva shoma yapfuura. Ndavaona vachisimuka shure uko, kubva kumwe kunhu. Nevamwe vashumiri vatiri kuda kunzwa kubva kwavari, manheru ano. Uye, zvadaropano, zvino ndinofungidzira Hama Ruddell nevamwe vachange vachiuya, nokuti vari kuzogara kusvika pakati peusiku.

⁹ Zvisinei, Hama David havagone kugara kusvika pakati peusika. Munhu anodiwa zvakananyanya, kwese-kwese. Zvino Hama Rodgers pavangoziva kuti vari kuno, handiti, vari kuzotumira vova navo ikoko nenguva dza ten. Saka zvinoreva kuti vari kuzenge vachibva pano, munguva shoma kwazvo, kuitira kuti vaende kunze uko kusouth Louisville.

¹⁰ Zvino ndakafunga kuti zvingange zvakanaka, kana zvakarangana naHama David, kana—kana tikavaita kuti vauye kumberi votaura zviri pamoyo wavo, kutiparidzira, kuita chero Ishe zvavanoisa. Tose tingada kunzwa Hama David duPlessis, vanobva kuSouth Africa.

¹¹ Regai nditaure izvi. Kutu, pandaivamo, mhiri kuAfrica, mumusangano wangu mukuru Ishe wavakatipa ikoko, mukoma wavo aiva muturikiri wangu, Hama Justus. Ndinotenda kuti zita rake ndiHama Justus. Zvino imhuri yakaisvonaka kwazvo yevanhu, idzo hama idzi dzekwaduPlessis. Ndinofunga kuti pane . . . Ndinofungidzira kuti vese vashumiri, sekuziva kwandinoita, uye zvichida babawo, zvakare, vaiva mushumiri. Uye vanobva kumhuri yakaisvonaka yevanhu. Uye Hama David vanotakura zita guru pakati pemachechi ese nemasangano akapoterredza pasi rose.

¹² Zvino Hama David, ndinoda kuti muuye kumberi zvino mugotaura kwatiri, kana chero Mwari zvavaisa pamoyo wenyu

kuti mutaure. Huyai kuno chaiko. Zvino ndine mufaro kuzivisa kuchechi yangu, manheru ano. Ava ndiHama Orman Neville, mufudzi wedu. Zvino kuchechi, uyu ndemumwe weshamwari dzangu dzinokosha, uye—uye murwi pamwepo mukushumira Mwari, Hama David duPlessis vekuSouth Africa. Mwari vakupafadzei, Hama David.

¹³ [Hama David duPlessis vanotaura. Chibenga patepi—Mupepeti.]...kutaura. Ameni. Tose tadaro. Hama David, kurumidzai kudzoka mugova nesu zvakare. Zvakaisvonaka kwazvo. Tiri kufara kwazvo.

¹⁴ Hama David vataura zvimwe zvinhu pano, ndinongoshuva dai ndanga ndiine chinyoreso changu, ndingadai ndazvinyora pasi. Asi ndichagara ndichirangarira “vazukurukomana; vazukuru.”

¹⁵ Zvakanaka, zvokwadi tinokoshesa kushanya kwehama yedu. Zvino ivo...vanga...vakabatanidzwa nevatendi veWorld Conference of Pentecostal, uye munhu mukuru mumutsara webasa ravo pasi rese. Zvino tine rombo rakanaka, manheru ano, kuva naHama David vachiuya kuzotaura nesu pausiku huno hweGore Idzva. Zvino munogona kuona izvo varume vanoremekedzwa zvanofunga pamusoro paShe wedu, kufunga pamusoro pemuranda waVo mukuru.

¹⁶ Zvino ndinotenda kuti, mangwana, zvariri Gore Idzva, rangove maawa mashoma zvino. Uye ndinofanira kusimuka mangwanani-ngwanani, saka ndafunga kuti ndingangotaura zvishoma, kana zvakarirana naHama Neville. [Hama Neville vanoti, “Hongu. Ameni.”—Mupepeti.] Hama Beeler, nevamwe vashumiri pano. Hazvitore nguva yakawanda. Uye ndinofunga kuti, kana tikati “Ameni,” toenda kumba, ingadai iri mharidzo inoshamisa. Uye tinogona kutenda Ishe nokuda kwezvatinazvo pano, manheru ano.

¹⁷ Uye zvino, asi nokuti huno usiku hweGore Idzva, tinogovaraidzana, neHumambo hwaMwari, kuparidza, dzamara rasvika Gore Idzva. Zvino ndinofanira...kumuka mangwanani, rungwanangwana, zuva risati ratombobuda nekure. Uye handisi wechidiki saDavid. Zvichida ini... Zvichida handinzwe kuva mudiki sezvavanonzwa. Iye... Hongu, David mukuru kwandiri zvishoma—zvishoma. Ndinofunga mukuru nemakore manomwe kana masere, zvichida gumi. Asi iye zvirokwasvo izimbe rinopfuta raMwari, kufamba mamaera zviuru makumi mashanu gore rino, kuitira Humambo hwaMwari. Ari munzira yake zvino kuenda kunoparidza kweHama Rodgers, uye mangwana ozova nevamwe, kumwewo kunhu, nekumweze kunhu, nekumwewo kunhu, vodzoka kuno zvakare neMuvhuro. Zvino ndinofanira kusangana navo kuti tizoita hurongwa hwerwendo rwepasi rese rwuri kuuya zvino.

¹⁸ Zvino tiri kuzova muAfrica, ndanzwisisa masikati ano, muna Kurume, Kurume uyu—uyu ari kuuya. Ndiri kuzosangana naClayton Sondmore, anobva kuFull Gospel Christian Business Men, vhiki rino, kana vhiki riri kuuya, chikamu chekutanga charo, zvino tozoita hurongwa hweJamaica, Haiti. Ndinoenda vhiki riri kuuya kuKentucky, kana zasi kuGeorgia, kunova nemisangano ikoko. Ndozobva ndadzoka ndouya nemuKentucky, usiku umwe chete kuno, uye usiku umwe chete ikoko, ndichibata machechi aya. Ndozoka ndakananga kumba ndichibva ikoko, zvino ndoenda ku—ku—kuAtlantic City, kunotanga musi wa 27, kusvika 30, zvino ndobvako mangwanani emusi wa 1, ndotangira mu—muKingston, Jamaica, panha- . . . panhandare yemujawe, manheru iwayo, kumusangano wemazuva gumi ikoko. Zvino kubva ipapo zvichienda mberi, zvadaro kuenda kumaHaiti, nechero hako. Hatizive kwekuenda kubva ikoko, sekungotungamirwa kwatichaitwa naShe.

¹⁹ Zvino, zvese izvi zviri kugadzirwa. Maona? Handisati ndati hongu. David ari pano, Clayt ari kuuya. Gordon, Hama Gordon Lindsay vari kuuya, kuitira South America. Uye—uye vamwe vese, maChristian Business Men vechikamu cheAmerica chinotaura Latin. Zvino Hama David ndeve Switzerland, Germany, zvichienda zvichidzika. Asi hatisati tava kuziva. Imi rambai muchinamata. Hakuna kwandinoda kuenda kusvikira Mwari vati enda, nekuziva kwangu kwese. Naizvozvo, kana ndikanzwa kutungamirwa kuti ndiende, zvino pandinodzika mundege, ini . . . Hazvina basa kuti chii chinopikisa, ndinogona kuti, “Ndinouya nemuZita raIshe Jesu.”

²⁰ Ndakava nekutenda nokuda kwaDavid, hushamwari hwatakava nahwo pamwe chete, nekuti murume wacho munhu akakosha kwazvo, asi iye—iye—iye anotenda kwazvo shumiro iyi yaShe. Anonyatsa kudaro. Uye—uye mazita edu akabatanidzwa pamwe chete pasi rese zvino, Hama David neni.

²¹ Zvino ndinofara kuva nekubatanidzwa nemunhu akadaro. Asi, shamwari, ndinozvikoshesa izvozvo. Asi chinhu chikurusa chandinogona kufunga kubatanidzwa nacho ndiJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, uyo mukuru Uya.

²² Zvino, Hama Neville nevamwe vavo vachange vachitaura munguva shoma iri kutevera, asi ndinoda kuverenga chimwe chinhu chidiki kubva muRugwaro zvino.

²³ Uye zvakanaka, ndinofunga, pausiku hweGore Idzva, kuona vaparidzi vakasiyana-siyana, nemasvikire avanoita panyaya yavo, nezvavanotaura, nezvakadaro. Zvino munhu wese aine nzira yake yekuparidza. Munoziva, Mwari havana kutigadzira tese zvakafanana. Akatigadzira zvakasiyana. Akatigadzira zvakasiyana pachimiro chedu. Akagadzira nyika zvakasiyana, nemakomo makuru, makomo madiki, mapani, magwenga, maruva machena akakura, maruva ebhuruu, nemhando dzose

dzakasiyana. Anongotigadzira zvakasiyana. Ndizvo zvega. Anogadzira vane musoro mutsvuku, misoro mitema, misoro yebhurauni, musoro muchena; vakafuta, vatete, varefu, o, chero zvimwe zvese. Maona? Vanongo—Vanongotigadzira zvakasiyana. Mwari ndiMwari wezvakasiyana-siyana. Uye ndinoita sokuzvifarira izvozvo. Hamudaro here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Asi chinhu chimwe chete nguva dzose? Ini zvangu! Ini zvangu! Ndinozvida izvi.

²⁴ Saka ngativhurei zvino muMagwaro edu, kuBhuku raMutsvene Mateo, Evhangeri yaMutsvene Mateo, kutangira pane... Zvino ndima 4, ndinoda kuverenga kuitira... tiverengere zvinyorwa, Ishe vachitibatsira. Mutsvene Mateo, chitsauko 4.

Ndinotenda, tisati taverenga, ngatinamatei.

²⁵ Baba voKudenga vane nyasha, ndizvo zvakare nemoyo iri kutenda kuti tinoswederwa kugore idzva iri. Uye tinouya kwaMuri nekuunza kwaMuri zvitsvako zvedu zvapakufuura, uye tichikumbira kuti Muzviise mugungwa rekanganwiro, uye musazorangarira zvivi zviri zvedu zvakare. Uye dai tikasangoongorora bedzi nemunhu wedu wemweya, asi medu... dai tikangoongorora kuyanana kwedu neMi. Zvino tiregererei zvivi zvedu zvese. Uye tinokumbira kuti Mweya weNyu ugoshanda nesu manheru ano. Zvino kana paine chero chinhu chisina kururama patiri, Ishe, chiendesei kure sezviri mabvazuva kubva kumadokero. Chikandirei mugungwa rekanganwiro, zvekusazombozviringarirwa zvaine chokuita nesu zvachose, kuitira kuti tipinde mugore idzva rino, takachena, takagezwa neRopa reGwayana, uye tigadzirire.

²⁶ Dai 1960 iyi rava gore gurusu ratati tamboKushumirai. Tipeiwo zvinodarika, muhuwandu. Misangano yese iri kugadzirwa, Ishe, yatiri kufunga nezvayo neHama duPlessis, nekwakapoteredza pasi rose, kupinda muAsia, nemhiri kuEurope, nekwese—kwese kwakapoteredza. Ishe, dai kwava kuda kweNyu neSimba reNyu richatungamira kuzvinhu izvi. Zvino kana panguva ipi zvayo tikatsauka kubva panzira yeNyu yeKudenga yamakagadza, dai Mweya Mutsvene waisa chidziviso munzira wotimisa, Ishe, otidzoserwa kunzvimbo yakafanira. Zviitei.

²⁷ Ropafadzai chechi diki ino, Ishe. Kuda, makore ave pedyo kwazvo nemakumi matatu, ndinofungidzira, yakamira pano zvino, serangaridzo yenyasha dzaMwari, kuvanhu vakaninipa. Tinonamata, Baba, kuti mugoropafadza Hama Neville, mufudzi. Ropafadzai chechi yese. Ropafadzai matirastii, madhikoni, muimbisi wenziyo, muridzi wepiano, nevanhu vese muchechi, munhu wese, vadzidzisi veSunday school, nechero. Ishe, dai takwanisa kukura gore rino munyasha dzaMwari. Uye dai nhengo dzedu dzawedzerwa muhuwandu hukuru kwazvo,

uye—uye nenyasha dzeNyu dzakawedzerwa, kuti, kupfuura zvazvanga zviri mumakore akapfuura. Zviitei, Baba.

²⁸ Zvino tibatsirei patiri kusvika pazvinyorwa zvatava kuda kuverenga, Shoko reNyu. Zvino ndiMi mega, Ishe, munogona kududzira uye tinonamata kuti Mugo zvipa kwatiri, kuitira Humambo hwaMwari. NemuZita raJesu Kristu. Amen.

²⁹ Ndiri kuzivisa iko zvino pandasarudza sechidzidzo kwenguva pfupi inotevera. Kunowanikwa muGwaro pano, uye ndichapaverenga. Chinoti, ndinoda kuchidana kuti, “kubva panguva iyoyo.”

³⁰ Handina kufunga, ndakataura umwe usiku, handina kufunga kuti ndaizouya zasi kuno, nokuti pahuro pangu panga pave kusaita zvakanaka. Zvino mudzimai wangu akati kwandiri nezuro, kana kuti marimwezero, akati, “Saka ndinofunga kuti hamusi kuzoenda zasi kuchechi.”

³¹ Ndikati, “Mudiwa, handifunge kudaro. Pahuro pangu pari kurwadza uye pakakanganisika.”

³² Zvino zvarado, pausiku humwe chetewo, pandakagara pasi ndokunhonga Rugwaro, ndakasangana neZvi.

³³ Hama Sothmann vakauyako. Vakati, “Muchange muri kuenda kuchechi here mangwana manheru?”

Ndikati, “Hongu. Ndichange ndiriko.”

³⁴ Zvino Meda ndokubva anditarisa, akati, “Handikunzwise.”

Ini ndikati, “Handitarisire kuti udaro, unoona,” ndikati, “kana aniwo zvake.”

³⁵ Hapana munhu anotungamirwa neMweya waMwari anogona kunzwiswa.

³⁶ Ishe wedu, vakatadza kuMunzwisisa. Aiiita sekuti Aitaura neimwe nzira, miniti imwe; uye neimwe nzira, imwe miniti. Nekumwewo zvakare Aitaura pamusoro pechimwe chinhuwo zvakare. Imwe nguva ndiJesu aitaura, dzimwe nguva ndiMwari vaitaura. Maona? Kunyange vadzidzi vakataura paya, pakupedzesera, vakati, “Tarirai, zvino Mave kutaura zvakajeka. Tave kunzwisisa zvino.” Maona?

³⁷ Zvino Jesu akati, “Munonzwi-. . . Uye munotenda here zvino?” Munooona, mushure mazvo.

³⁸ Haungangogone kuzviita, nokuti unotungamirwa neMweya. Zvino wotanga kuita chimwe chinhu, unozooona kuti unoona uri. . . Mwari vari kuda kukushandisa pamwe panhu. Unofanira kumira *apa* woenda *apa*, kungotungamirwa neMweya. Vanhu vasinganzwisisike, vakasiyana vane hupenyu hwaunoda kupira kuna Mwari.

³⁹ Zvino ndinogara ndichitaura izvi, “Ndichaita izvi kana Ishe vachida.” Maona? Kana ndikavimbisa mumwe munhu,

“Ndichazviita kana Ishe vachida.” Maona? Uye naizvozvo, ipapo, kana kusiri kuda kwaIshe, ndicha...Ndichataura pamusoro peMharidzo iyi kana Ishe vachida. Vanogona kundidana, muMharidzo ino chaimo, kuti ndiende kuCalifornia. Ndinokandira zvinhu zvese padivi zvino ndomhanya ndakananga kuCalifornia, nekukwanisa kwangu kwese.

⁴⁰ Zvino ndinoda kurarama saizvozvo. Handidi chinhu chinondisungirira. Handidi chimwe chinhu chikuru kana chimwe, icho chinokosha mamiriyoni emadhora, zvino unofanira kuwana mari yakawanda kudai, zuva rega-rega, kundisungirira. Ndinoda kuva, uko, kana Mwari vati, “Ndinoda kuti uende zasi uko kune vanhu ava. Pangorine vashanu vavo bedzi. Asi enda zasi ikoko, ugare ikoko kusvikira ndakuudza kuti ubve.” Ndinoda kuenda ikoko. Handina chimwe chingada kuti ndichiite, kungo...uye kana Vachida kuti ndiende mhiri kwemakungwa.

⁴¹ Zvino hezvinoi izvi, ndangobva mukutaura, kuenda kuGermany, kana ku—kuAfrica. Zvino mumwe mudzimai ane mamiriyoni emadhora, panguva iyo Mweya wakaisa pamoyo wangu kuti ndiende kuAfrica, akati, “Ndichabhadharira rwendo rwacho ndobhadhara zvese hazvo.” Maona? Ndzivo zvega. Ko ndingashushikana sei pamusoro pemari nezvinhu, ivo Baba vangu vari muridzi wazvo zvese? Maona? Vanogona kungotaura nemurume uyu mupfumi, kana murume uyo mupfumi, kana vanhu ava, kana vanhu avo, uye pasina kana chikonzero chekuti ini ndinetseke pamusoro pazvo. Maona? Mwari vanogozvigadzirisa zvese.

⁴² Hama Roy, ndiyo nzira yekurarama. ChingoVarega vazvigadzirise. Zvakaisvonaka kwazvo.

⁴³ Zvino ngatizarurei muMagwaro edu, kune chitsauko 4. Zvino ngatitangisei ku—kuverenga, pangaita pandima 12 yechitsauko 4 cheEvhangeri yaMutsvene Mateu.

Zvino Jesu wakati achinge... Uye zvino Jesu wakati anzwa kuti Johane wasungwa, akaenda Garirea;

...wakabva Nazareta, akandogara Kapenaume, pagungwa, pamiganhu yeZabhuroni paNaftarimi:

Kuti zviitike zvakarehwa nemuprofiti Isaya, achiti,

Nyika yeZabhuroni, nenyika yeNaftarimi, panzira yegungwa, mhiri kweJorodhani, Garirea ravaHedheni;

Vanhu vakanga vagere murima vakaona chiedza chikuru; nevakanga vagere panyika dzemumvuri werufu chiedza chakabuda.

Kubva panguva iyoyo Jesu wakatanga kuparidza, achiti, Tendeukai: nokuti ushe hwekudenga hwaswedera pedyo.

44 Ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo: *Zvino Kubva Panguva Iyoyo*. Munoziva, semunhu, tese tinofunga pamusoro pezvinhu kubva pane imwe nguva. Chinhu chakati-nechakati chakaitika, zvino kubva panguva iyoyo. Uye zvino, nguva zhinji, unosangana neharahwa kana nechembere, uye vanofarira kunongedza kumashure pane imwe nguva apo chimwe chinhu pachakaitika, chavanonyatsa kugona kunongedza voti, “Paiva panguva iya.”

45 Zvino, ndinofungidzira kuti chaizvoizvo mumwe nemumwe wedu pano, manheru ano, tinogona kudana kunhengo, kurangarira zvimwe zvinhu zvakaitika pane imwe nguva. Kubva panguva iyoyo, chimwe chinhu chakashanduka. Chinhu *chakati-chikati*, chakaitika panguva iyoyo. Zvino kubva panguva iyoyo zvichienda mberi, zvakabva zvasiyana. Zvino chinhu chakanaka chekuti tinokwanisa. Uye dzimwe dzendangariro idzozo, dzezvinhu zvatnofunga nezvazvo, zvinhu zvakakodzera zvakashanduka. Uye pane zvimwewo zvinhu zvisina kukodzera kuti zvifungwe nezvazvo.

46 Semuenzaniso, dai mudzimai ane mbiri yakashata, zvokuti akati, “Paiva nenguva yandakanga ndiri musikana akanaka, akarurama, ane hunhu. Zvino pane umwe usiku, kana pane imwe nzvimbo, chimwe chinhu chakaitika.” Zvino kubva panguva iyoyo, akanga ave panzira isiyo. Hupenyu hwake hwakakanganiswa nechivi, kusviba nerima, uye kutongwa kwegwa ndiko kwamumirira. Asi anogona kurangarira, kubva panguva iyoyo, zvakaitika paakatora nzira isiriyo.

47 Murume chi—chidhakwa, manheru ano, pamigwagwa, uyo ari kuedza kunwa kuti kusuwa kwake kuende. Unogona kumunhonga. Sezvandaiva zasi kune mabhawa kuno, imwe nguva yapfuura, muNew York, muzinda mukuru wevanhu vanodhakwa. Ndaifamba nemumwe mushumiri. Zvino hapo paiva pakarara mumwe murume, o, vaingori varume vakawanda, vasingagone kukuvadza, vasingakwanise kuzvibatsira, vakarara ipapo kumberi kembatya dzavo kwese kwakatota, ne—nendeavu dzakazara kuzviso zvavo, uye vari muchimiro chaipa zvikuru. Zvino vaisagona kukuvadza zvachose.

48 Zvino mushumiri uyu akati, “Simudzai uyo, zvino mungomubvunza.”

49 Zvino ndakaenda kumurume uyu akanga akarara aine tsoka yake yakachinjika pabhamba remotokari, nemusoro wake wakarara pasi mumugwagwa, neapo pokuti akanga atadza ku—ku—kuenda dzimwe nguva, kuzvimbuzi. O, aiva muchimiro chakaipa kwazvo. Zvino ndakamubata, ndikati, “Unogona kutaura here?” Uye haana kumbondipa mhinduro.

⁵⁰ Saka mushumairi akadzika pasi. Aiziva zviri nane maererano nekushanda naye. Zvino akamubvunza, “Ndiwe ani?”

⁵¹ Zvino pakupedzesera akagona kumumutsa zvakakwana, kusvikira ava kuti, “Kana ukanditengera chekunwa!” Zvino takazoono kuti, aigona kunongedza munwe wake kune bhangi raaimbova mutungamiri waro.

⁵² “Zvakanaka,” akati, “tiri vaparidzi. Ungandiudzawo here zvakatora nzvimbo?”

“Kana ukandivimbisa chekunwa!”

⁵³ Saka, hataikwanisa kudaro. Ndikati, “Handigone kuwedzera kusuwa pane kumwe kusuwa kwako. Ndinoda kukubatsira.”

⁵⁴ Nyaya yake yese. Akauya kumba, umwe usiku, zvino paiva neimwe, yaakati iye, tsamba inoti “Mudiwa John” iri pata—tafura. Ipapo, mudzimai wake akanga amusiya. Zvino akanga. . . Iye aida mukadzi. Zvino akanga atora vana vake. Uye akarambwa, zvino mudzimai akanga atiza nemumwe murume. Zvino akati, “Handina kuziva kuti ndoitei, kupfura uropi hwangu, kana chekuita. Saka nda—ndakaenda kubhawa.” Zvino kubva panguva iyoyo, heunoi zvaakava. Zvakazara pasi rese.

⁵⁵ Munyepi. Unogona kutora mumwe, sezvandakataura kune mumwe murume, rimwe zuva, wandaifunga kuti aitaure jee. Zvino ndakazoono, kuti, akataura manyepo akawandisa kusvikira akazenge ave kutoatenda, pachake. Zvino ndikati, “Chii chinokuita kuti udaro?” Zvino ndakagara pasi kuti nditaure naye. Ndikati, “Ndinoda kukubvunza. Nyaya idzodzi dzakanyanyisa kuva dzezvisingatarisirirwe kuti vanhu vadzitende.”

⁵⁶ Iye akati, “Yekutanga yandinogona kurangarira ndichiitaura.” Akati, “Ndaiva mukomana mudiki akakudzwa mumusha wakanaka.” Zvino iye akati, “Ndakaenda ndikanoputa mudzanga wevhere rechibage, kungoda kuzviita munhu akangwara. Zvino ndakadya kofi, kuti ndibvise munhuwi pakufema kwangu.” Zvino akati, “Ndakazviita kumashure seri kwechimbini yakare, kuseri kwemba.” Uye akati, “Handimbofa ndakakanganwa, amai pavakandibatikidza, zvino ndokuti kwandiri, ‘Mwanangu, huya ndinhuwidze mweya wako paunofema.’ Ndakafuridzira mweya wangu kumeso kwavo, uye vakati, ‘Wadya kofi kuti ubvise chimwe chinhu kubva mumweya wako paunofema. Wanga uchiitei? Asi wanga uri kuputa midzanga?’”

⁵⁷ Zvino iye akati, “Chimwe chinhu chakandiudza kuti ndivaudze chokwadi.” Akati, “Asi ndakati, ‘Kwete, amai. Ndinopika nemoyo wangu. Ndanga ndisiri kuputa midzanga.’” Akati, “Zvino kubva panguva iyoyo, ndizvo zvakazvitangisa.”

58 Tese tinogona kuwana chimwe chinhu cha—chakatanga pane imwe nguva. Zvino kubva ipapo zvichienda mberi, zvinhu zvakashanduka. Zvino pane zvimwe zvinhu zvakakodzera zvatinogona kufunga nezvazvo. Varume vane zvinangwa zvakana vakaedza kutangisa zvinhu patsva, kuita zvinhu pane imwe nguva.

59 Semuenzaniso, magetsi paakawanikwa kekutanga naBenjamin Franklin, uye vakagona kuakunda. Vakatangira kuti, “Kubva panguva ino zvichienda mberi, hapachazombova nehondo zvakare. Nekuda, kwekuti, magetsi aya anokwanisa kuiswa mumafenzi, aine moto wakawanda kwazvo, kusvikira hapana munhu anokwanisa kupayambuka.” Vairevera zvakana.

60 Zvino Hondo yePasi rese Yekutanga ichingopera, Kaiser Wilhelm pa—paakasaina chibvumirano cherugere. Takaudzwa kuno kuAmerica. Ndaiva mukomana wemakore angaite mapfumbamwe. Asi ndinogona kurangarira vanhu vese vachiti, “Hatisi kuzombofa takava neimwe hondo. Kubva panguva ino zvichienda mberi, zvatopera, nekusingaperi.” Asi takava neimwe hondo.

61 Zvino paya apo U.N. huru. Kana kuti, ndingati, kumashure kwacho, vakavamba yainzi League of Nation. Uye vakati, “Zvino hatichazova nedzimwe hondo zvakare, nekuti tine League of Nations ichange ichichengetedza pasi rese. Zvino kana paine kumukira kumwe kunhu, varume ava kubva munyika yega-yega vachaenda ikoko zvino vonoita mapurisa epasi rese.” Asi zvakakundika. Vakaenderera mberi vachiva nehondo. Zvino U.N. ichava chinhu chimwe chete.

62 Tinoudzwa izvezvi nekufanotaura kuti mangwana manheru kana Svondo manheru... Murume mumwe chete akafanotaura nezvePearl Harbor, kusvika panguva yacho chaiyo iyo nde—ndege dzaizoibhomba, akataura, kuti, “Svondo manheru nenguva dzatwelve o'clock, zvikamu makumi manomwe nezvishanu kubva muzana zvevanhu vemuAmerica vachaita madota, nokuti Russia ichabhomba United States, musi weSvondo uri kuuya manheru natwelve o'clock.” Murume mumwe chete akafanotaura zvePearl Harbor. Havasi kuzvishambadzira kunze, nekuti vanhu vanozovhunduka. Handizvitendi. Maona? Kwete. Nekuti, haikwanise kutambudzwa nehondo yeatomiki. Rimwe ravo rikadarika kufamba kweruzha, *neuku*, tinoakandira *neuko*, zvino nyika inoita zvimedu. Chimwe chinhu chinofanira kuitika, kutanga, Jesu asati auya. Ndizvozvo.

63 Semuenzaniso, vaviri vechidiki vakaroorana. Paiva neimwe nguva yavakachata. Zvino va—vakaisa mhiko dzavo pamwe chete. Ndokutsidzirana, mumwe kune mumwe, ruvimbo rwavo. Zvino vakataura, kuti, “Tichadanana, kuremekedzana

nekuriritirana mumwe nemumwe, chero bedzi tiri vapenyu.” Asi pakasvika imwe nguva chimwe chinhu pachakaitika.

⁶⁴ Zvese zvinhu izvi ipapo, pane imwe nguva chimwe chinhu pachakaitika. Uye zvichida mhiko dzavo dzose, nemapoka ese enyika, nezvakadaro, zvichida vaiva nechinangwa chakanaka, asi zvese zvakasvika pamagumo. Zvese zvakasvika pakuondomoka, kuenda pasi petso—tso—tsoka dzevanhu. Nezvinangwa zvese zvakana zvatinogona kuva nazvo, asi zvese zvinofanira kusvika pamagumo.

⁶⁵ Asi pane nguva iyo munhu anogona kusvika kune chimwe chinhu chinogara Nekusingaperi. Ndipo apo, munhu, nguva iyo munhu anosangana naMwari. Ndipo panoitika chimwe chinhu chinogara Nekusingaperi.

⁶⁶ Tinoita mhosho dzedu. Zvino tinoita mhiko dzedu usiku hweGore Idzva, kungoti tinozongodzityora zuva rinotevera. Tinozarura mapeji matsva, uye topa mhiko. Zvino toenda kuvaprisita ne...Hatidaro, asi Makatorike anodaro. Uye vanonoreurura, nekusaina mhiko, uye tinouya kuartari totangisa pamapeji matsva, asi zvese zvinoshaya basa. Nokuti, nguva inotevera apo mumwe munhu anotikanganisira kana chimwe chinhu, hasha dziya dzakare dzinodzoka zvakare. Nguva yese patinopinda mudambudziko kana chimwe chinhu, zvinoitika zvakare.

⁶⁷ Asi pane nzvimbo iyo munhu yaanogona kusvika, pane imwe nguva, ichamushandura zvachose, Nekusingaperi. “Uyo anouya kwaNdiri, haNdingambomurase,” Jesu akadaro. Munhu anogona kuuya kuna Mwari, uye magumo ake emuna Ziendanakuenda agoshandurwa. Uye munhu anogona kusangana naMwari, uye ogorega kuva zvaanga ari zvachose. Haugone kusangana naMwari ugoramba uri munhu mumwe chete sezvawanga uri. Kana ukatendeuka uchibva kwaAri, unozova munhu akaipisisa kupfuura zvawakambobvira wava. Kana ukaMugamuchira, une Hupenyu Husingaperi, uye Achakumutsa nezva rekupedzesera, nevimbiso yaKe.

⁶⁸ Paiva nenguva pakanga paine mumwe murume anonzi Abrahamu, uyo akauya achibva kuVakaradheya, uye aigara muguta reUri. Uye aingovawo munhu, munhu akanaka. Zvichida, pamwe aigona kunge aine...Baba vake zvichida vainamata zvifananidzo, nekuti vakabva kuBhabhironi. Zvino iye aingova munhuwo zvake, zvino akanga ava kukwegura. Aiva nemakore makumi manomwe nemashanu, uye mudzimai wake aiva nemakumi matanhatu nemashanu.

⁶⁹ Zvino Abrahamu, rimwe zuva, paaiva zvichida kunze mumunda, achivhima kana chero zvainge ari kuita, kunhonga michero, kana chero basa rake zvaraikwanisa kunge riri, akasangana naMwari. Zvino kubva panguva iyoyo, akashandurwa. Aigona kudana zvinhu zvaisavapo,

sekunge zvaivapo, nekuti akanga asangana naMwari. Akaziva miniti neawa yaakasangana naMwari. Zvakamushandura. Uye Mwari vakamudana kuti ave baba vemarudzi akawanda. Zvino akatenda Mwari uye akatenda vimbiso yaVo, nekuti akanga asangana naMwari. Makore makumi maviri nemashanu akatevera, vaikurukura, vachiedza kumuodza moyo, vachimuudza kuti akanga atenda chimwe chinhu chisicho. Asi Bhaibheri rakati, “Akaramba achiwedzera kusimba nguva dzese, achipa rumbidzo kuna Mwari.” Nokuti, aiziva kuti Mwari vaifanirwa kuchengeta vimbiso.

⁷⁰ Ndipo apo munhu paanenge asangana naMwari. Zvinoshandura maumbirwo ake. Zvinomupa manzwiwo emhando yepamusoro. Sekutaura kwandaiita umwe usiku, munhu wenyama angorine manzwiwo mashanu. Asi, mutendi, paanosangana naMwari, anowana chimwe chinhu chakasiyana. Manzwiwo emhando yepamusoro anomusimudza mudenga pamusoro pemimvuri. Anomuita kuti atende zvinhu zvisingagone kumbofa zvakaitika. Iye anoramba achitenda chete kuti zvichaitika, nekuti Mwari vakataura kudaro. Kana munhu akasangana naMwari, chimwe chinhu chinoitika.

⁷¹ Paiva neimwe nguva iyo mumwe munhu akadzidziswa muhuchenjeri hwese, nefundo yese yebhaibheri pamusoro peShoko raMwari. AkaRiziva netsamba. Anga adzidziswa. Aiva nemadhigirii ese. Akanga akanyatsa kungwara zvekuti aikwanisa kudzidzisa vadzidzi vemuEgipita pamwe nevadzidzisi vavo. Aizviziva zvese, netsamba. Asi aive mbwende naizvozvo, achitiza, akabuda ndokuenda kuseri kwerenje uye achifudza makwai emutorwa. Asi pakasvika nguva apo Mwari vakasangana naye ikoko, mugwenzi raipfuta. Zvino kubva panguva iyoyo zvichienda mberi, Mosesi akashandurwa, nekuti akasangana naMwari mugwenzi raipfuta. Zvino ati chiso nechiso naMwari, haaigona kuramba ari zvimwe chete zvachose.

⁷² Kana murume kana mukadzi... Handina basa kuti unoita mhiko ngani, kana kuti unozarura mapeji matsva akawanda zvakadini. Kusvikira wasangana naMwari, haugone kushandurwa. Asi paunongosangana naMwari kamwe chete, zvino unoshanduka nokusingaperi.

⁷³ Hazvina kungoshandura Mosesi chete. Zvakashandura Israeri. Zvakashandura Egipita. Zvakashandura pasi rese panguva iyoyo, nekuti munhu mumwe chete akasangana naMwari zvino akaVatora paShoko raVo.

⁷⁴ Chatinoda nhasi kuti mumwe munhu asangane naMwari, chiso nechiso, uye agotaura naVo, mamiro ezvinhu. Varume pavanosangana naMwari, zvinhu zvinoshandurwa. Zvirokwazvo. Ndiyo nzira yega yatinogona kuwana zvinhu.

⁷⁵ Zvino kubva panguva iyoyo zvichienda mberi, Mosesi mbwende, Mosesi uyo aimhanya, akanga ashandurwa. Zvino

kubva panguva iyoyo, akava muranda washe. Zvinogara nguva dzose zvichishanda nenzira iyoyo. Kana munhu akasangana naMwari, zvinhu zvinoshandurwa.

⁷⁶ Paiva nemusikana mudiki imwe nguva, ane makore asingapfuure gumi nemasere okuzvarwa, kana zvichida asina kukura zvakadaro, aiva munzira yake kuenda kutsime mamwe mangwanani, kunochera mugomo wemvura, zasi muNazareta. Aiva musikana mudiki akaisvonaka. Iye aitenda. Aiva nekutenda. Asi, mangwanani iwayo, akasangana naMwari. Zvino Mwari vakamuudza chimwe chinhu, uye iye akazvitenda. Zvino zvakashandura nzira yese yehupenyu hwemudzimai uyu, zvomuita kuti asafe. Zita rake raiva Maria, amai vaIshe wedu Jesu. Mudzimai mudiki uyu aingova musikanawo hake mudiki, asi akasangana naMwari. Zvino kubva panguva iyoyo kuenda mberi, chimwe chinhu chakaitika. Zvirokwazvo.

⁷⁷ Paiva nemunhu aiva nezita rekuti Petro, murauri wakare akakwasharara, zvichida sekungokwasharara kwavaigona kuva. Uye pamwe aiva munhu muhombe aidherera vamwe. Nekuti, pano imwe nguva yakapfuura, ndakaona mutambo, wainzi, “Murauri Muhombe.” Ndakafunga kuti yaiva tsananguro yakaisvonaka kwazvo yaPetro, nekuti aiva muchinda wakare muhombe akakwasharara. Akanga asina basa nechinhu. Hapana kana chaaimbotenda machiri. Asi, rimwe zuva, akasangana naMwari. Zvino kubva panguva iyoyo, akashandurwa. Kubva panguva iyoyo, akava muapostora vaIshe Jesu Kristu.

⁷⁸ Sekuudzwa kwataitwa naHama David duPlessis chinguva chapfuura, pamusoro paSauro weTarso, mhondi, akabata bhachi remhondi, uyo, akapupura, uye akapupurira rufu rwaStefano akaurairwa chitendro. Aiva nematsamba muhomwe dzake, kuenda zasi kune va—vakuru vekanzuru yemachechi, uye kunosunga vanhu vaiita ruzha rwakanyanya, vachidanidzira, nekurumbidza Mwari. Aiva munhu mukuru mumeso eVafarise. Aiva Mufarise waVafarise. Asi, rimwe zuva, aiva panzira yake kuenda kuDhamasiko, zvino akasangana naMwari. Chiedza chakapenya chakamukomberedza. Zvino kubva panguva iyoyo kuenda mberi, akanga achisiri Sauro weTarso. Asi akava Pauro, uyo akaninipa, uyo akanyorova, nekuti akasangana naMwari, uye Zvakamushandura.

⁷⁹ Paiva neaiva nemaperembudzi akanga akarara pasuwo. Kurapa kwese kwemushonga kwakatadza kumupodza. Maronda ake akanga aora akanga akura kusvikira maoko ake akanga asisagone kusimuka, zvachose. Uye tsoka dzake, aitotadza kudzikweva. Chinhano chake changa chisisina tariro. Asi akasangana naMwari, rimwe zuva, achibuda nepasuwo. Akawira pasi akanamata, ndokuti, “Kana Muchida, Munogona kundichenesa.”

⁸⁰ Zvino Iye akati, “Ndinoda. Cheneswa.” Zvino kubva panguva iyoyo, haana kuzombovazve nemaperembudzi, nekuti akasangana naMwari.

⁸¹ Paiva nebofu raiva rakagara parutivi rwenzira. Zvino aisagona kuona chiedza chezuva kubva kurima. Hapana chaigona kumubatsira. Rimwe zuva, Mumwe akauya achifamba achibva muguta reJeriko, zvino paakasangana naMwari; zvino kubva panguva iyoyo, aikwanisa kuona. Kuona kwake kwakadzoka kwaari. Kuonekwa kwechiedza kwakapinda mumaziso ake, uye akanga ava kukwanisa kuona zvakare. Nekuti, kubva panguva iyoyo, paakasangana naJesu, akava munhu akasiyana. Akanga ava nekuona kwake.

Kana munhu akasangana naMwari, chimwe chinhu chinobva chaitika zvezmazvirokwazvo.

⁸² Paiva nemujaya, imwe nguva; pasina kupokana, mugari wemunyika akanaka, asi akagarwa nemweya. Zvino akanga anyanyisa kuipa kusvikira jeri rakatadza kumuchengeta. Zvino vakamusunga nengetani. Uye aiva nechuru chemadhimoni, maari, kusvikira aikwanisa kudambura ngetani nekuzvisunungura. Zvino madhimoni aya akamuendesa kumarinda, uko kwaagira imomo. Ndokutora matombo uye, aine utsinye kwazvo, zvekuti aizvicheka. Oh, aiva muchinda akaipa kwazvo. Madhimoni aya paaimusiya, pasina kupokana aifunga, “Ndiri kuitei pano?” Zvino panguva saidzodzo, madhimoni aiuya kwaari zvakare, omucheka omubvarura. Asi, rimwe zuva, akasangana naJesu. Zvino kubva panguva iyoyo kuenda mberi, mupengo weGadhara akava nepfungwa dzake kwadzo, akapfeka nguwo, akagara patsoka dzaKe. Aigona kudzokera kumba, semurume kwaye. Aigona kudzokera pakati pevanzhu. Aigona kudzokera kuvadikanwi vake, uye achikwanisa kuti, “Kubva panguva iyoyo, ndashandurwa.” Hongu.

⁸³ Aiva mumwe musi, uko paKarivhari, apo Mwari nerufu vakasangana, chiso nechiso, apo Hupenyu nerufu pazvakauya pamwe chete. Asi ndipo apo Hupenyu, Kristu, akadzipura rumborera kubva murufu. Zvino kubva panguva iyoyo, rufu haruna kuzombova nerumborera marwuri. Ndinofara chose nekuda kwaizvozvo. Mwari! Rufu naMwari vakasangana, pamwe chete. Rufu haruna kuzoramba rwuri zvimwe chete. Haruchina rumborera marwuri zvino. Mutendi weChikristu anogona kunyatsofamba muchiso charwo oti, “O rufu, rumborera rwako rwuripi? Guva, kukunda kwako kuripi?” Sei? Zvese zviri zviviri zvakasangana naMwari. Hazvina kumbobvira zvaramba zvakadaro kubva panguva iyoyo.

⁸⁴ Hapana munhu anoramba ari zvaari, hapana chinhu chinoramba chiri zvachiri, pachinongosangana naMwari. Haumbofa wakaramba uri zvaari.

⁸⁵ Ndinogona kurangarira ndakarara pano pamubhedha wemuchipatara. Vanachiremba vakandipa maminiti matatu ekurarama. Hana yangu ichirova, kagumi nekanomwe paminiti. Ndakasangana naMwari. Kubvira ipapo, handina kuzombova zvimwe chete. Chimwe chinhu chakaitika kwandiri. Hapana munhu aigona kundiudza zvakasiyana. Bill Branham akafa. Ndakasangana naMwari, uye Chimwe chinhu chakapinda mandiri. Handina kuzombobvira ndaramba ndiri zvimwe chete kubvira paminiti yandakasangana naYe. Akandishandura. Akandiita chimwe chinhu chakasiyana. Kwaisava kutora mhiko yeGore Idzva, asi ndakasangana naMwari.

⁸⁶ Varume nevakadzi, paunosangana naMwari, unoshandurwa. Tinoita mhiko dzedu dzeGore Idzva manheru ano; todzokera mangwana mangwanani, kunodzityora; zuva rinotevera, kudzityora. Asi zvatino fanira kuita, haisi mhiko yeGore Idzva, asi tinoda kuuya tosangana chiso nechiso naMwari, towana Hupenyu Husingaperi, toberekwa neMweya waKe.

⁸⁷ Paiva neharahwa, imwe nguva, uye yaitadza kuita sarudzo yayo. Dhiyabhore airamba achiidzivisa kubva pazviri. Rimwe zuva, kunze mumunda, akapfugama pasi kuti anamate. Ari pakati pekunamata, akarovera hoko pasi. Akati, “Iyi ngaive rangaridzo. Satani, kana ukazombodzoka kwandiri zvakare, ndichakunongedza pahoko iyi zvakare. Ndichakuudza kuti ipo pano chaipo ndakasangana naMwari, uye zvakagadziriswa kubva pano kuenda mberi.” Ndizvo zvatinoda, pamwe kwete hoko mumunda, asi pamwe panhu, imwe nzvimbo yakahwanda, imwe nzvimbo. Kwete . . .

⁸⁸ Oh, manheru ano, pachava nemazana emhiko dzichatorwa, zviuru zvadzo dzichatorwa. Uye gore rinouya tichafanirwa kudzitira dzese, patsva zvakare. Tichati, “Ticharegedza kunyepa. Ticharega kuita *ichi*. Uye tichasiya hashu dzedu. Tichawedzera pane zvatinoitira Mwari. Tichaita *ichi*, kana *icho*, kana *chimwe*,” kuzongoona bedzi, hazvina maturo.

⁸⁹ Asi chinofanira kuitwa nemunhu, manheru ano, kusangana chiso nechiso naMwari. Zvino kubva ipapo, anova chisikwa chakashandurwa. Hareruya! Oh, ndinoshuva kuti dai ndaigona kuzvita nenzira yandinozvitenda nayo. Asi kana munhu akasangana naMwari, anoshandurwa, kubvira paminiti iyoyo, mazuva ake ese asara. Haazomboramba ari zvimwe chete, nekuti ane Hupenyu Husingaperi. Iye chisikwa chitsva. Zvinhu zvakare zvakapfuura, uye zvinhu zvese zvava zvitva kwaari. Anoratidzika kuva mutsva.

⁹⁰ Munhu anorwara anogona kufamba kuchiso chaMwari, apo vanachiremba vati, “Ari kuzofa.” Asi anogona kufamba kuchiso chaMwari, uye ogokumbirira nyaya yake. Zvino anobvapo, ava munhu akasiyana, uye kubva panguva iyoyo kuenda mberi.

naro, tichiti, “Tichaedza kuzarura peji itsva. Tichaedza kuita zvakasiyana.” Zvese izvozvo zvakakanaka. Ndinozvikoshesa izvozvo.

⁹⁸ Asi hama, hazvimbofa zvakava zvemunaZiendanakuenda kusvikira wasangana naMwari, kutanga. Kana wasangana naMwari, kutanga, zvino, kubvira ipapo zvichienda mberi, zvinhu zvese zvichange zvakasiyana.

Ngatinamatei patinokotamisa misoro yedu.

⁹⁹ Ishe Jesu, Mwanakomana waMwari, ndinorangarira nguva yandakasangana neMi, Ishe. Ndinorangarira, munhu ane nhamo akasuwa, airarama hupenyu hune hunhu hwakanaka, pasina kumhanya-mhanya, kunwa, kana kutamba njuga, kana kuputa, kana zvakadaro. Asi ndakaziva, Ishe, paya rufu parwakauya chiverevere rwuchipinda mukamuri iya yemuchipatara, mamwe makore makumi maviri akapfuura, paiva nechimwe chinhu chaine chisimo muhupenyu hwangu. Ipapo ndakasangana naMwari, uye kubva panguva iyoyo. Kubva panguva iyoyo, Ishe, ndakaedza kuKushumirai. Hupenyu hwangu hwakashandurwa uye zvinhu zvese zvinoratidzika zvakasiyana. Ndinofara zvikuru kuti ndakasangana neMi, Ishe. Uye manheru ano, ndakatarisana neGore Idzva, ndinofara kutaura kuti ndinogona kutarisana naro neMweya waMwari mupenyu uri mumoyo wangu.

¹⁰⁰ Tipeiwo zviitiko, Ishe. Tipei kunaka kweNyu netsitsi. Tiregerereiwo zvivi zvedu. Uye itai kuti tirarama mugore rino riri kuuya, O Ishe Mwari, nechitiko, chekuti tasangana neMi uye hupenyu hwedu hwashandurwa. Zvitenderei, Ishe. Tiregerereiwo kukundika kwedu. Isai matiri Mweya weNyu Mutsvene. Titungamireiwo pamwe nokutiratidza gwara.

¹⁰¹ Mwari, Baba, heino 1960, yakanditarisa. Uye pane mikana yemusangano wepasi rese, pachiratidzika sekuti kunyange makumi ezviuru akapetwa zviuru, nezviuru nezviuru zvevahedheni vambishi, zvevasingatendi, nevakadaro, vanokwanisa kuuya kwaMuri. O Ishe Mwari, neMweya weNyu mumoyo mangu, ndinotarira artari yeNyu, manheru ano, nekuKutarisai, ndoti, “Ndibatsireiwo, O Mwari. Moyo wangu uri kubvira neshungu. NdinoKudai, Ishe. Ndinozvipa pachangu kwaMuri, mukushumira. Nditungamirei chero kunhu kwaMunoda kunditungamira. Nditumei chero kunhu kwaMunoda kundituma, Ishe. Ingotaurai, uye ndichaenda.”

¹⁰² Ropafadzai chechi yangu. Ropafadzai Hama Neville. Ropafadzai vanhu vese pano, vaenzi vari mumasuwo edu. Nevafundisi ava vachange vachitaura, muzvikamu zvenguva, zvichienda nemuhusiku, ndinonamata, Mwari, kuti Mugoropafadza shumiro dzavo. Ropafadzai Hama Neville. Ropafadzai Hama Junie Jackson. Hama Beeler, vamwe vashumiri vese ava, varopafadzei, Baba. Tipeiwo gore guru muna 1960.

¹⁰³ Isu, Ishe, vanoziwa kuti takasangana neMi, chiso nechiso, uye nekuziva zvazvinoreva kuberekwa patsva neMweya weNyu, tipei nyasha dzeNyu Dzokusingaperi, kuKushumirai. NemuZita raJesu tinonamata. Amenii.

¹⁰⁴ Munomuda? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.] 1960, usarega ichiva, yokuti, “Ndakazarura peji itsva.” Usarega ichiva, yokuti, “Ndoedza kutanga hupenyu hutsva.” Asi ngaive, yokuti, “Ndakasangana naMwari, zvino kubva panguva iyoyo, nguva iyoyo kuenda mberi, ndakava nerugare rwusingatsanangurike. Ndakava nemufaro usingataurike, uye uzere nekubwinya. Ndakava nekugutsikana. Kunyangwe kana rufu rwukauya kwandiri, ndichange ndiri mumaoko aMwari, miniti mushure mekunge ndafema kekupedzesera. Hazvina basa kuti chii chauya kana chaenda!”

¹⁰⁵ Regai vaiputitse, Svondo manheru, kana vachida. Vachida kudaro, bhambu risati rapedza kuputika tinotenge tava muKubwinya pamwe naYe. Amenii. Hapana chinogona kutikuvadza. Hareruya!

¹⁰⁶ Ndinofara zvikuru ndakasangana naMwari. Ndinofara kwazvo ndinogona kuti, “Kubva panguva iyoyo.” Rovera hoko panzvimbo ipapo! “Pandakasangana naMwari, chimwe chinhu chakaitika kwandiri. Ndakashandurwa, kubva paminiti iyoyo. Ndakashandurwa, kubvira ipapo.” Ndinofara kwazvo kuva panzira iyi, manheru ano, sechapupu kune Kubwinya neSimba raMwari. Chimwe chinhu chiduku chakare kunze kuno, zvino Mwari vakadzika pasi ikoko ndokundipa nyasha dzaVo, ndokundiponesa, nekundipodza, ndokundizadza neMweya waVo. Uye ndokundiita kuti ndiparidze Evhangeri yaVo, kunova kuremekedzwa kukurusa panyika pano. Kubva panguva iyoyo, kusvika panguva ino, handina kumbobvira ndakava kana nekudemba kumwe chete. Asi ndakava nekutenda, mazuva ese aya, uye ndichadaro, nemuna Ziendanakuenda rese, kuti ndakasangana naMwari.

Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka, Hama Neville.



ZVINO KUBVA PANGUVA IYOYO SHO59-1231
(And From That Time)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Husiku hweGore Idzva, China Manheru, 31 Zvita, 1959, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2018 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org